ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№10 (23.668) ● 2018 гъэм щIышылэм (январым) и 23, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## УФ-м и Президентым Правительствэм и лэжьакIуэхэр хэту иригъэкIуэкIа зэIущIэм къыщаIэта Iуэхухэм ящыщщ къэрал кIуэцI туризмэм зегъэужьыныр. Нэхъ щIэупщIэ зиIэхэм ящыщу къыхагъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и бгы-лыжэ курортхэр

БГЫ-ЛЫЖЭХЭМКIЭ къыщыбжыхь хъунущ ди къэралым и щIыналъэхэм ящыщ куэдым: Краснодар крайм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Кемеровскэ областым (Шерегеш курортым), Москва и Iэшэлъашэхэм, Ленинград, Мурманск, Новосибирск, Сахалин, Свердлов, Челябинск областхэм, Камчаткэм, Башкортостаным, Шэшэным, Пермскэ, Красноярскэ, Приморскэ, Хабаровскэ крайхэм, - къигъэлъэгъуащ Ростуризмэм и Iэтащхьэм.

Илъэсыщ1э зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм ди республикэм щыхьэщIащ турист мин 60-м нэблагъэ. Iуащхьэмахуэ лъапэ и бгы-лыжэ курортым и закъуэ цIыху мин 48-м щIигъу (нэгъабэ и апхуэдэ зэманым елъытауэ проценти 114-рэ) щыIащ.

● Зэхуэсышхуэхэр

## КъалэцIыкIухэмрэ тхыдэ мыхьэнэ зиIэ щIыпIэхэмрэ

Зэхыхьэр къызэIуихащ УФ-м и Президент **Путин Владимир**. «Къыхэгъэщыпхъэщ, къалэ цIыкIухэмрэ тхыдэ мыхьэнэ зиIэ щIыпIэхэмрэ къэралым дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэраIэр, - щыжиIащ зэIущIэм Путин Владимир. - Абыхэм ящыщ дэтхэнэми, здэщыIэ щIыналъэм елъытауэ, зыр адрейм къызэрыщхьэщыкI нэщэнэ щхьэхуэхэр яIэжщ, ди тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я «шыфэлIыфэ» зэхуэмыдэхэр хъума нэхъ щыхъуари ахэращ. Абы къыхэкIыуи, нобэ мыбдежым щызэхуэсахэм ди къалэнщ, щIыналъэ къэс зыр адрейм зэрефIэкI зэщхьэщыкIыныгъэхэр зэраIэр къэтлъытэу, абыхэм туризмэм зыщегъэужьыным, щэнхабзэ, экономикэ я лъэныкъуэкIэ я зэфIэкIым хэгъэхъуэным хуэгъэза унэтIыныгъэщIэхэр къызэдэтлъыхъуэну, ахэр гъэзэщIа зэрыхъунуми дызэдегупсысыну».

Форумым и етIуанэ Iыхьэм екIуэкIащ щIыналъэхэм къикIа IэщIагъэлIхэмрэ унафэщIхэмрэ зыхэта зэIущIэ щхьэхуэхэр. Абыхэм щыхэплъащ къалэ цIыкIухэмрэ тхыдэ мыхьэнэ зиIэ щIыналъэхэмрэ зауужьынымкIэ проект нэхъыфIхэр зыхуэдэм икIи щытепсэлъыхьащхэр гъэзэщIэным хуэунэтIауэ щыIэ Iэмалхэмрэ хэкIыпIэхэмрэ.

Мыпхуэдэ зэхуэс ди къэралым иджы япэущ зэрыщекIуэкIыр.

**БАЛЪКЪЫЗ Iэминэ**,
*Бахъсэн къалэ округым и пресс-IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ.*



**<u>Бахъсэн, Тырныауз, Прохладнэ къалэ округхэм я щIыпIэ администрацэхэм я унафэщIхэу Мамхэгъ Хьэчим, Джаппуев Руслан, Тараев Игорь сымэ щIышылэм и 17-м Мэзкуу областым и Коломнэ къалэм щыIащ.</u>**

«КЪЭРАЛЫМ и къалэ цIыкIухэмрэ тхыдэ мыхьэнэ зиIэ жылэхэмрэ я форум» зыфIаща зэхыхьэм къекIуэлIат Урысей Федерацэм и щIыналъэ 71-м къикIа лIыкIуэу 460-м нэблагъэ. Абыхэм ящыщу 244-р къалэ цIыкIухэмрэ тхыдэ мыхьэнэ зиIэ щIыпIэхэмрэ я администрацэхэм я унафэщIхэрщ.

Зэхуэсышхуэм и къызэгъэпэщакIуэщ УФ-м Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэр. А IуэхущIапIэм абыкIэ къыдэIэпыкъуащ Урысей Федерацэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэр, Мэзкуу областым и Правительствэр, «Урысейм и щIыналъэ пхыдзахэр» зэгухьэныгъэр, нэгъуэщIхэри.

● КъБР-м и Правительствэм

## ИлъэсыщIэр зэраублэ Iуэхухэр

**<u>КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий Правительствэм хэтхэм я зи чэзу зэIущIэ щIышылэм и 18-м иригъэкIуэкIащ.</u>**

КъБР-м щIымрэ мылъкумрэ я Iуэхухэмкiэ и министр **Уэщхъун Тимур** тепсэлъыхьащ федеральнэ мылъкум къыхэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэрым къратым. Абы зэрыжиIамкIэ, республикэм сом мелуани 5-рэ мин 651-рэ хъу мылъкурэ, Май къалэм метр зэбгъузэнатIэ мини 2-рэ 400-рэ къызэщIэзыубыдэ, сом мелуани 8-рэ мин 24-рэ зи уасэ щIы Iыхьэрэ ират.

- КъБР-м и Правительствэмрэ «Кавказ Ищхъэрэм зегъэужьынымкIэ корпорацэ» акционер зэгухьэныгъэмрэ республикэм Узыншагъэр щрагъэфIэкIуэж, зыщагъэпсэху центр къыщызэгъэпэщыным теухуауэ яубзыхуа Iуэхум ипкъ иткIэ, Налшык къалэм и мылъкум щыщу Къэбэрдей-Балъкъэрым етын хуейуэ къыдогъэлъагъуэ метр зэбгъузэнатIэ мин 21-рэ 728-рэ хъу щIы Iыхьэр, - жиIащ къэпсэлъам. - Апхуэдэуи дгъэхьэзыращ республикэм и мылъкум щыщу КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм пщIэншэу къигъэсэбэпыну пэшитI зэрыхухахым теухуа унафэм и проектыр. IуэхущIапIэр Налшык къалэм и Къэбэрдей уэрамым хуозэ, метр зэбгъузэнатIэ 314-рэ мэхъу, сом зы мелуанрэ мин 278-рэ и уасэщ.

Уэщхъуным къигъэлъэгъуахэм республикэ унафэщIхэр арэзы техъуа нэужь, зэIущIэм щыхэплъащ КъБР-м и Правительствэр сату-экономикэ, щIэныгъэ, щэнхабзэ IуэхухэмкIэ Чуваш Республикэмрэ Тулэ областымрэ зэрадэлэжьэнум теухуа проектхэм. КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Бэждыгъу Темыркъан** къыщыпсалъэм къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр Чуваш Республикэм зэрыдэлэжьэну зэгурыIуэныгъэм Сочэ къалэм мазаем и 15 - 16-хэм щекIуэкIыну зэхыхьэшхуэм Iэ зэрыщыщIадзынур.

КъБР-м лэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Ацкъан Ратмир** «КъБР-м цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ дэIэпыкъуэгъу хъуным и IуэхукIэ» КъБР-м и къэрал программэм хухаха мылъкум 2018 гъэм сом мелуан 78-рэ мин 607,6-рэ зэрыдыщIагъуэжыр. Абы щыщу сом мелуан 73-рэ мини 105,1-р федеральнэ ахъшэщ, процент 7-р республикэм хилъхьэнущ. Мылъкур трагъэкIуэдэнущ лэжьакIуэхэр егъэджэным, ухуэныгъэмрэ зыгъэпсэхупIэхэмрэ IэщIагъэлIхэр хуагъэхьэзырыным. Абы цIыху 593-рэ къызэщIрагъэубыдэнущ, ухуэныгъэм - 150-рэ, туризмэм - 158-рэ, нэгъуэщI IэнатIэхэм - 295-рэ. «Ди мурадхэм хэтщ, цIыху нэхъыбэ ягъэлэжьэфын папщIэ, хьэрычэтыщIэхэм защIэдгъэкъуэну, ныкъуэдыкъуэхэр лэжьыгъэкIэ къызэдгъэпэщыну. КъищынэмыщIауэ, IэщIагъэ щрагъэгъуэт еджапIэ курытрэ нэхъыщхьэрэ къэзыуха щIалэгъуалэм ящыщу 120-м я Iэзагъэм хагъэхъуэн хуэдэу еджакIуэ дгъэкIуэнущ», - жиIащ Ацкъаным.

Министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэр тепсэлъыхьащ «Пенсэм щысу лэжьыгъэ IэнатIэ Iумытхэр компьютер Iэмалхэм хуегъэджэн, КъБР-м и социальнэ IуэхущIапIэхэр зыхуейхэмкIэ къызэгъэпэщын» программэми. Абы къыщыгъэлъэгъуар ягъэзэщIэн папщIэ, 2018 гъэм зэрагъэпэщыжынущ Прохладнэ районым щылажьэ Сабий унэ-интернатым и етIуанэ къатыр. А Iуэхум хухахынущ сом зы мелуанрэ мин 352-рэ. Абы щыщу УФ-м и Пенсэ фондым и ахъшэр сом зы мелуанрэ мин 257,7-рэ мэхъу, республикэм сом мин 94,7-рэ хелъхьэ.

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ - егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр **Емуз Нинэ** тепсэлъыхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым школ кIуэгъуэ ныбжьым нэмысахэр щагъасэ, щрагъаджэ и къэрал IуэхущIапIэхэм сабийхэм зэращыкIэлъыплъым нэхъыбэ дыдэу адэ-анэм щIатыпхъэ уасэм и IуэхукIэ» КъБР-м и Правительствэм и унафэм и проектым.

**БАГЪЭТЫР Луизэ**.



## Кулиевэ Элизат Дагъыстэным и ЦIыхубэ Зэхуэсым и ЩIыхь тхылъыр кърат

**<u>КъБР-м и Парламентым и унафэщIхэр иджыблагъэ хуэзащ ТворчествэмкIэ дунейпсо академием и академик, Ленин саугъэтыр, СССР-м и къэрал саугъэтыр зрата балъкъэр усакIуэшхуэ Кулиев Къайсын и щхьэгъусэу щыта Элизат.</u>**

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ тепсэлъыхьыжащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ Кулиев Къайсын къызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъур гъэлъэпIэным республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и органым и депутатхэр жыджэру зэрыхэтам. Ди гъунэгъу республикэм и парламентархэм я лъэIукIэ абы Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театрым и литературэ къудамэм и унафэщI Кулиевэ Элизат «щэнхабзэм зегъэужьыным куэд зэрыхищIыхьам, дагъуэншэу зэрылажьэм икIи жылагъуэ Iуэхухэм жыджэру зэрыхэтым папщIэ» Дагъыстэн Республикэм и ЦIыхубэ Зэхуэсым и ЩIыхь тхылъыр ирытыжащ.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэхэу АфэщIагъуэ Михаилрэ Жанатаев Сэлимрэ.

*КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.*

## Хьэрычэт IуэхущIапIэ мыинхэмрэ курытхэмрэ ядэIэпыкъун папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым сом мелуан 42-м щIигъу къыхуаутIыпщащ

**<u>Урысей Федерацэм Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм къыддиIыгъащ хьэрычэт IэнатIэ мыинхэмрэ курытхэмрэ, абыхэм мэкъумэшыщIэ (фермер) хозяйствэхэри яхэту, ядэIэпыкъуным трагъэкIуэдэн папщIэ федеральнэ бюджетым къыхэкI субсидиеу сом мелуан 42,73-рэ къеIыхыным теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым ита заявкэр.</u>**

МЫ программэм ипкъ иткIэ Iуэху пыухыкIахэр зэфIагъэкIынущ хьэрычэт IэнатIэ мыинхэмрэ курытхэмрэ я IуэхущIапIэу нэгъуэщI къэралхэм щащэн папщIэ продукцэ къезыхьэлIэхэм, щIалэгъуалэ творчествэмкIэ инновацэ центрым, КъБР-м и хьэрычэт IэнатIэ мыинхэмрэ курытхэмрэ кредит цIыкIухэр етынымкIэ фондым, нэгъуэщIхэми я лэжьыгъэр зэблэгъэкIыным хуэгъэзауэ.

*КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм къитахэм япкъ иткIэ.*

## Гъавэ зыгъэкIхэм ядэIэпыкъун, зи чэзу губгъуэ лэжьыгъэхэр егъэкIуэкIыным трагъэкIуэдэн папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым сом мелуан 314-м щIигъу хухах

**<u>Гъавэ зыгъэкIхэм ядэIэпыкъун, гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэр егъэкIуэкIыным трагъэкIуэдэн папщIэ федеральнэ, республикэ бюджетхэм къыхэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщIэхэм сом мелуан 314-м щIигъу къыхуаутIыпщ. Ар 2017 гъэм елъытауэ сом мелуани 137,1-кIэ нэхъыбэщ.</u>**

АБЫ теухуа зыхуэфащэ зэгурыIуэныгъэм Iэ щIадзащ КъБР-м и Правительствэмрэ УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэмрэ я унафэщIхэм.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм гу зылъатапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэIущIэр 2018 гъэм щIышылэм и 25-м екIуэкIынущ.

Ар къыщызэIуахынур сыхьэти 10-рщ.

*КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.*

## Япэ депутат 50-м хеубыдэ Быф Анатолэ

**<u>Социально-экономикэ, политикэ къэхутэныгъэхэмкIэ институтымрэ Законхэр зыгъэхьэзырхэм защIэгъэкъуэнымкIэ центрымрэ хэIущIыIу ящIащ 2017 гъэм и бжьыхьэ сессием хиубыдэу УФ-м и Къэрал Думэм зэфIигъэкIа Iуэху нэхъыщхьэхэмрэ депутатхэм я рейтингымрэ.</u>**

ЯПЭ депутат 50-м хиубыдэу и цIэр къраIуащ мэкъумэш лэжьыгъэмкIэ комитетым хэт Быф Анатолэ. Бжьыхьэ сессием кърикIуахэм япкъ иткIэ абы 16-нэ увыпIэр къыхуагъэфэщащ.

И лэжьэгъухэм ящIыгъуу Быф Анатолэ игъэхьэзырри УФ-м и Къэрал Думэм къыщыхилъхьащ Урысейм и мэкъумэш IэнатIэм зегъэужьынымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ законопроект зыбжанэ. Ахэр теухуащ мэкъумэшхэкIыу нэгъуэщI къэралхэм къыщащэхум япэхъун къехьэлIэным пыщIа къэхутэныгъэхэм трагъэкIуэдэн бюджет ахъшэр зэрырат зэманыр гъэIэпхъуэным, къэралым бдзэжьей щызыгъэхъухэр агрострахованэм къызэщIегъэубыдэным, мэкъумэш еджапIэ нэхъыщхьэхэм продукцэ къэлэжьыным теухуауэ иратъэкIуэкI лэжьыгъэр ядэIыгъыным. А законопроект псори Къэрал Думэм щыпхыкIащ икIи абыхэм Iэ щIидзащ УФ-м и Президентым.

● Къэрал Думэ



**ЕЛЪКЪЭН Артур**.

## ✪ Ди къуэш республикэхэм

### Нэхъыжьхэм ядоIэпыкъу

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. <u>*Республикэм 2017 гъэм псэуалъапхъэ къэщэхуным, я унэхэр зэрагъэпэщыжыным теухуауэ сом мелуани 7,2-рэ ятригъэкIуэдащ Хэку зауэшхуэм хэтахэр зэрыс унагъуиблым, зауэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыIа цIыхуи 138-м.*</u>

РЕСПУБЛИКЭР апхуэдэхэм ядоIэпыкъу 2015 гъэм щыщIэдзауэ. Къапщтэмэ, 2015 гъэм ветеран 68-м зыщIагъэкъуащ сом мелуани 3,4-кIэ, 2016 гъэм сом мелуани 7,75-рэ трагъэкIуэдащ ветерани 155-м.

### Адыгей - Италие

АДЫГЕЙ. <u>*«Агроцентр» фирмэм, пхъэщхьэмыщхьэ жыг зыгъэкIым, иджы Адыгейм и тхыдэм щыяпэу мыIэрысей Италием иригъэшэнущ.*</u>

АДЫГЕЙМ Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, фирмэмрэ Италием щыщу къадэлэжьэнухэмрэ Iэ зыщIадза зэгурыIуэныгъэр жыг мин 600-м тещIыхьащ. Япэу яутIыпщыну жыг мини 150-р Евросоюзым ирашэн папщIэ зыхуеину дэфтэрхэр ягъэхьэзыр. Итальянхэм иращIылIа зэгурыIуэныгъэм мы IуэхущIапIэм Iэмал къритынущ нэгъуэщI къэралхэми ядэлэжьэну.

Къыхэдгъэщынщи, псынщIэу зызыужь мыIэрысей хадэхэр Адыгейм щагъэкI 2010 гъэ лъандэрэ, республикэм и хьэрычэтыщIэ гуп Италием кIуэуэ мы Iуэхум зыщагъэгъуэза нэужь щIадзауэ.

**УЭРДОКЪУЭ Женя**.

## Мы махуэхэм

**ЩIышылэм и 23,** *гъубж*

♦**Iэкiэ тхэным и дунейпсо махуэщ**. Абы ХъэтIым и махуэкIи йоджэ.

♦**Китай къэралым щагъэлъапIэ хуитыныгъэм и махуэр**

♦**1556 гъэм** Китайм и Шаньси провинцэм щIыр щыхъеящ икIи а гузэвэгъуэм напIэзыпIэм хэкIуэдащ цIыху мин 830-рэ. Дуней къэхъукъащIэм и зэранкIэ апхуэдиз цIыху зэуэ щыхэкIуэда иджыри къэс къэхъуакъым.

♦**1849 гъэм** Нью-Йорк штатым дунейм щыяпэу дохутырым и дипломыр иратащ цIыхубзым. Ар Инджылызым къыщалъхуа, иужькIэ США-р псэупIэ зыхуэхъуа Блэквелл Элизабетщ.

♦**1895 гъэм** цIыхум и лъэр япэ дыдэу Антарктидэм теуващ. Ахэр Норвегием щыщ гупт.

♦**1916 гъэм** США-м хыхьэ Монтанэ штатым дунейм и щытыкIэм зэуэ зыщихъуэжри, хуабэу щыта градуси 7-р щIыIэу градус 49-м хуэкIуат. Апхуэдэ дунейм нэхъапэм зэи къыщыхъуакъым.

♦**1924 гъэм** Ленин (Ульянов) Владимир и Мавзолей Москва щыухуэным теухуа унафэ къащтащ.

♦Франджы тхакIуэ цIэрыIуэ **Стендаль** (и цIэ дыдэр **Мари-Анри Бейлщ**) къызэралъхурэ илъэс 235-рэ ирокъу.

♦Совет кинорежиссёр, актёр, СССР-м и цIыхубэ артист, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Александров Григорий** (и унэцIэ дыдэр **Мормоненкэщ**) къызэралъхурэ илъэс 115-рэ ирокъу.

♦ТхакIуэ, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБР-м и Къэрал саугъэтыр тIэунейрэ зыхуагъэфэща **МафIэдз Сэрэбий** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр, каскадёр, жылагъуэ лэжьакIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Иншаков Александр** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦«Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент **Щоджэн Iэминат** къыщалъхуа махуэщ.

<u>**Дунейм и щытыкIэнур**</u>

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2 - 3, жэщым щIыIэр 1 градус щыхъунущ.

**ЩIышылэм и 24,** *бэрэжьей*

♦**«Эскимо» морожнэ лIэужьыгъуэм и дунейпсо махуэщ**. США-м хыхьэ Онавэ къалэм щыпсэу, тыкуэн цIыкIу зыгъэлажьэ Нельсон Христиан а IэфIыкIэ лIэужьыгъуэр къызэригупсысам щыхьэт техъуэ тхылъыр 1922 гъэм къратыжауэ щытащ.

♦**1606 гъэм** Испанием и къалащхьэр Вальядолид ирахри, Мадрид ягъэIэпхъуауэ щытащ.

♦**1931 гъэм** «Ромэн» цыджан театрыр къызэрагъэпэщащ.

♦Урыс сурэтыщI цIэрыIуэ **Суриков Василий** къызэралъхурэ илъэси 170-рэ ирокъу.

♦Урыс бзэщIэныгъэлI, СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и член-корреспондент, псалъэ мин 90-м щIигъум я мыхьэнэр къыщыгъэлъэгъуа псалъалъэ цIэрыIуэр къыдэзыгъэкIа **Ушаков Дмитрий** къызэралъхурэ илъэси 145-рэ ирокъу.

♦Совет кинорежиссёр, СССР-м и цIыхубэ артист **Ромм Михаил** къызэралъхурэ илъэси 117-рэ ирокъу.

♦Совет тхакIуэ, шэрджэс ермэлыхэм ящыщ, Армавир къалэм щIыхь зиIэ и цIыху **Дангулов Саввэ** къызэралъхурэ илъэси 105-рэ ирокъу.

♦Полковник, жылагъуэ лэжьакIуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща **Джэтауэ Хьэмыщэ** къызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Бетрожь Руслан** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦УэрэджыIакIуэ, РСФСР-м щIыхь зиIэ и артист **Ободзинский Валерий** къызэралъхурэ илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Биологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, къэрал лэжьакIуэ **Щыхьмырзэ Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦Музыкант, дирижёр, СССР-м и цIыхубэ артист, Совет Союзым и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща **Башмет Юрий** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

<u>**Дунейм и щытыкIэнур**</u>

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ, къешх-къесу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2, жэщым щIыIэр градуси 3 - 2 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Нэм пэжыжьэми, гум пэблагъэщ.**

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Уэчылхэм я палатэм IэщIагъэмкIэ и комиссэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и лIыкIуэхэр зэрыхахым и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1.«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Уэчылхэм я палатэм IэщIагъэмкIэ и комиссэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и лIыкIуэхэр зэрыхахым и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэхьын Iэ щIидзын икIи хэIущIыIу ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ.**

*Налшык къалэ*
*2017 гъэм дыгъэгъазэм и 20-м*
*№806-П-П*

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Уэчылхэм я палатэм IэщIагъэмкIэ и комиссэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и лIыкIуэхэр зэрыхахым и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къищтащ 2017 гъэм дыгъэгъазэм и 20-м***

**1 статья**

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Уэчылхэм я палатэм IэщIагъэмкIэ и комиссэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и лIыкIуэхэр зэрыхахым и IуэхукIэ» 2002 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №87-РЗ-м мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

1. 2-нэ статьям и Iыхьэ 2-м и пункт 2-м къару имыIэжу къэлъытэн.

2. 3-нэ статьям :

1) Iыхьэ 2-м и япэ абзацым хэт «жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм» псалъэхэм япэ къихуэу «юристхэм я» жиIэу дэщIыгъужын, «еджапIэхэм» псалъэр зэхъуэкIын «щIэныгъэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэхэм» жиIэу;

2) Iыхьэ 4-м:

а) япэ абзацым хэт «ЛIыкIуэм и полномочиехэр нэхъ пасэу щхьэщахмэ, а полномочиехэр къыщагъэувыIэм махуипщI иIэжу» псалъэхэр зэхъуэкIын «ЛIыкIуэм и полномочиехэр нэхъ пасэу къагъэувыIэмэ е кандидатурэхэм зэрыхэплъам ипкъ иткIэ ар хамыхыжмэ» жиIэу;

б) етIуанэ абзацым хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэIущIэм» псалъэхэр хэгъэкIын.

3. 4-нэ статьям:

1) 2-нэ Iыхьэр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу тхыжын:

«2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым зыхуэфащэ и комитетыр къагъэлъэгъуа кандидатурэхэм хоплъэри абы къарикIуахэр етхыж икIи лIыкIуэу хахын папщIэ нэхъ зыхуэфащэу къилъытэ кандидатурэхэр къыхелъхьэ.»;

2) 4-нэ Iыхьэм и япэ псалъэухар хэгъэкIын, етIуанэ псалъэухам хэт «лIыкIуэу ягъэувар» псалъэхэр зэхъуэкIын «хахар» жиIэу;

3) 5-нэ Iыхьэм хэт «гъэувыныр» псалъэр зэхъуэкIын «хэхыныр» жиIэу;

4) 6-нэ Iыхьэм къару имыIэжу къэлъытэн.

4. 5-нэ статьям и Iыхьэ 2-м хэт «хахахэм я бжыгъэм» псалъэхэр зэхъуэкIын «хаха бжыгъэм» жиIэу.

**2 статья**

Мы Законым къару егъуэт официальнэу къыщытрадзам щегъэжьауэ махуипщI дэкIмэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2017 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м*
*№54-РЗ*





● Фэеплъ

# МыкIуэдыжын лъэужь

**Псыгуэнсу дэт курыт еджапIэ №1-м щагъэлъэпIащ адыгэ лъэпкъыр зэрыгушхуэ КъардэнгъущI Зырамыку къызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъуар.**



«ЛIЫМ и гуащIэ и пщIэщ», «АдыгэлI щэджащэ», «Налкъутналмэс Iуащхьэр зи Iэужь Зырамыку илъэси 100 ирокъу», «Лъэпкъыр зыгъэлъэпкъ Зырамыку и гуащIэр гъунапкъэншэщ» - псалъэм я нэхъыфIымрэ фIыщIэм я нэхъ инымкIэ гъэнщIа апхуэдэ блынгазетхэр яIыгъыу пэщIэдзэ классхэм щеджэ цIыкIухэр хьэщIэхэм къапежьащ. Ахэр адыгэ фащэ екIупсхэмкIэ зэщыхуэпыкIат, щеувэкIа утыр къагъэнэхуу. Дауэдапщэхэр щекIуэкIыну пэшышхуэм лъэувыпIэ имыIэу цIыхур щIэзт. Абыхэм яхэст пщIэ зыхуащI нэхъыжьхэр, къуажэ унафэщIхэр, егъэджакIуэхэмрэ еджакIуэ цIыкIухэмрэ. Зырамыку и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ. Фэеплъ пшыхьыр художественнэ ансамблым и щIалэгъуалэ къафэкIэ къызэIуихащ. АдэкIэ сценэр хуит зыхуащIа еджакIуэхэр зэблэкIыу тепсэлъыхьащ КъардэнгъущIым и гъащIэм. Пасэу зеиншэу къэна сабийм и къекIуэкIыкIар, гугъуехькIэ гъэнщIа щIалэгъуэр, зауэ лъэхъэнэр, ГИТИС-м щигъэкIуа илъэсхэр псоми щыгъуазэт школакIуэхэр. Ахэр кIэщIу тепсэлъыхьащ цIыху щэджащэм емызэшу зэхуихьэсыжа лъэпкъ IуэрыIуатэм, лъэпкъ драматургием, литературэм, тхыдэм хуищIа хэлъхьэныгъэ инхэм. Сценэм итхэм я псалъэр нэхъри яузэщIырт Зырамыку и уэрэдыжьхэм ящыщу хуэму къеуэм. Сценэм и зы лъэныкъуэкIэ тхакIуэм и гъащIэм щыщ пычыгъуэхэр къызыхэщ видеороликхэр щагъэлъэгъуащ. Ахэр теухуат псэ къулей зиIэ цIыхум зыщалъхуа жылэжьым хуиIа гурыщIэ IэфIхэмрэ дэзыхьэхыу зэлэжьа Iуэхугъуэхэмрэ. Къапщтэмэ, Зырамыку и жыг зехьэкIэм жылэр кIэлъыплъу щытащ. Уеблэмэ КъардэнгъущIхэ я лъапсэжьым ноби итщ, зэрыжаIэмкIэ, а жыгхэм ящыщ. Къуажэдэсхэр щIагъэдэIуащ 1935 гъэм къызэрагъэпэща япэ адыгэ студием и лэжьыгъэм. Куэдыр зэрыщыгъуазэщи, Зырамыку иджыри студенту и Iэдакъэ къыщIэкIа «Къанщобийрэ ГуащэгъагърЭ» пьесэмкIэ а студием и лэжьыгъэр иублат. КъардэнгъущIым и щапхъэр ноби Псыгуэнсум и щIэблэмкIэ гъуазэщ. Курыт школым щеджэ цIыкIухэм уитхьэкъуу сценэм щагъэлъэгъуащ зи гугъу тщIы а пьесэм щыщ Iыхьэхэр.

1940 гъэм Зырамыку дзэм ираджэ, куэд мыщIэу къохъей Хэку зауэшхуэри. А лъэхъэнэр сыт хуэдэу гугъуу щымытами драматургием зи гур хуеIэ щIалэм искусствэр IэщIыб ищIакъым, абы щIыгъуу гурэ псэкIэ зритащ лъэпкъ IуэрыIуатэми. «Нарт пшыналъэ», «КъебжэкIхэр», «Хъуэжэ», «Къэбардрэ Алътудрэ» - мыхэр адыгэ театрым и гъэлъэгъуэныгъэхэм хэмыкIыу хэтщ. ПэкIум къыщеджащ КъардэнгъущIым хузэхалъхьа усэхэм. Абыхэм ящыщт илъэс куэдкIэ къуажэм егъэджакIуэу щылэжьа Гумэ БетIал «Шынэхъыжь» зыфIища и IэдакъэщIэкIыр. Абы къыкIэлъыкIуащ Зырамыку и гушыIэ хъыбархэр: «Шыц уэсыр къесу унэм уимыкI», «Адэм и щIэин», «Уи къуэр директор ящIащ». Куэдым ягу дыхьэу еджакIуэхэр щыджэгуащ анэдэлъхубзэ къабзэкIэ цIыхур псэлъэным къыхуезыджэ гушыIэ пычыгъуэми. КъардэнгъущI Зырамыку бгъэдэлъ зэчиймрэ иIэ зэфIэкIымрэ фIыщIэ псалъэ хуэзымыгъэша ди цIыху цIэрыIуэхэм яхэтакъым.

- Насыпышхуэщ, насыпышхуэщ КъардэнгъущI Зырамыку хуэдэхэр лъэпкъым щиIэм деж. Ар ди нобэрей гъащIэм и джэгуакIуэшхуэщ, - жиIэгъащ МафIэдз Сэрэбий. Сценэм къыщыIуащ КIыщокъуэ Алим, Нало Заур, ХьэдэгъэлI Аскэр, Къущхьэ Догъэн, Бемырзэ Мухьэдин сымэ я псалъэ Iущхэр. Игъуэ дыдэу, а псалъэхэм щIэжьыуэу Бадынокъуэ и уэрэдыжьыр къэIуащ. Ар зыгъэзэщIа щIалэ гупым уаIуплъэн хуейт гъуазджэм, щэнхабзэм ехьэлIа лэжьыгъэ нэс къыщрахьэлIэрэ, жылагъуэ куэдым сыткIи я щапхъэу къэгъуэгурыкIуа адыгэ жылэжьым и тхыдэр зыхъумэн щIэблэ дахэ, щIэблэ узыншэ зэраIэр зыхэпщIэн папщIэ. КъардэнгъущI Зырамыку цIыхубэм къахуигъэна лъэужь дахэм теухуауэ пшыхьым къыщыпсэлъащ Аруан щIыналъэ администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ **Щоджэн Риммэ**, Псыгуэнсу дэт курыт еджапIэ №2-м и егъэджакIуэ пажэ **КъардэнгъущI-Семэн Ларисэ**, Фэеплъ зэIущIэр къызэзыгъэпэща курыт еджапIэ №1-м и унафэщI **Безыр Мадинэ**, КъардэнгъущI Зырамыку и къуэш бынхэм ящыщу **КъардэнгъущI Замир** сымэ. Мы Iуэхур къызэгъэпэщыным жыджэру хэтащ къуажэм зи цIэ фIыкIэ къыщраIуэ егъэджакIуэхэу **Жыкъуэ Оксанэ**, **Темыркъан Ася**, **Хьэсанэ Мерэ**, **КъардэнгъущI Жанусэ**, **Къардэн Аринэ**, художественнэ унафэщI Iэзэ **Мыз Хьэжмурат** сымэ. Пшыхьым ирагъэблэгъащ Аруан щIыналъэ администрацэм егъэджэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщI **Жэрыщты Олег**, щIыпIэ самоуправленэм и Советым и унафэщI **Бэлахъуэ Хьэсэнбий**, егъэджэныгъэмкIэ район управленэм и методист нэхъыщхьэ ХьэщIэлI Зое сымэ. КъардэнгъущI Зырамыку и фэеплъ махуэр гъатхэпэм хуэзэу иджыри зэ щагъэлъэпIэнущ Нарткъалэ ЩэнхабзэмкIэ и унэм.

**ЛЪОСТЭН Музэ**

# Абазэ Уэлид Хьэмдий и къуэр



Хъыбар гуауэ къытIэрыхьащ иджыблагъэ - ди лъэпкъэгъу, Сирием и ЛIыхъужь, генерал-полковник Абазэ (Мэршэн) Уэлид Хьэмдий и къуэр дунейм ехыжащ.

Абазэ Уэлид 1948 гъэм Сирием и Джулан лъагапIэхэм хиубыдэ Мумсие къуажэм къыщалъхуащ. Курыт еджапIэр къимыух щIыкIэ ар яхыхьащ журтхэм япэщIэт цIыхубэ зэгухьэныгъэм. Гъэру яубыдри, Уэлид Израиль лъэхъуэщым хьэзаб телъу мазитIкIэ исащ. ЩIэпхъуэжыну яужь ихьати, ари къехъулIакъым. ИужькIэ, балигъ ныбжьым нэмыса щIалэщIэр яфIэгуэныхь хъури къаутIыпщыжащ. 1970 гъэм, академиер къиуха иужь, лъэсыдзэм хыхьащ. Ар яхэтащ Сирие Хьэрып Республикэм (СХьР) и спецназ гупыр къызэзыгъэпэщахэм. 1973 гъэм Сириемрэ Израилымрэ яку къыдэхъуа зауэм лIыхъужьыгъэ зэрыщызэрихьам папщIэ Абазэм дамыгъэ лъапIэхэр кърататщ. Абы и ужькIэ ар Сирием и президентым и хъумакIуэхэм я унафэщI мэхъу.

Къухьэпiэ Ливаным щекIуэкIа граждан зауэми хэтащ Уэлид. 1979 гъэм Хьэмэ къалэм и политикэ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыныр адыгэ щIалэм пщэрылъ къыщащI. ИужькIэ Дамаск и тхьэмадэм и япэ къуэдзэ къулыкъум ягъэув, а унэтIыныгъэ дыдэр и нэIэ щIэтыну. А къулыкъур абы 2000 - 2005 гъэхэм иIыгъащ. Иужьрей зауэм (2011 - 2017) Абазэ Уэлид езым и гуп къызэригъэпэщауэ щытащ. Нобэр къыздэсым а гупым хэтхэр террористхэм япэщIэтщ.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Уэлид бын гузэвэгъуи илъэгъуащ. Абы и щIалэ курытыр щIэпхъаджащIэхэм Дамаск и Iэшэлъашэм щаукIащ. Ар къэхъуа иужькIэ Уэлид и щхьэгъусэ, Сирием и Парламентым хэт Къэзан Жансет Iэщэ къищтэри, зауэм Iухьащ.

Асад Башар и партым, Джулан лъагапIэхэм щыIэ жылэхэм Хьэрып социализмэр къыщыгъэщIэрэщIэжыным хуэлажьэм, и тхьэмадэу 2013 гъэм ягъэзув Уэлид. Нобэ а къулыкъур и къуэ нэхъыжь Хъалид зэрехьэ.

Уэлид и къуэш нэхъыжь Абазэ Мамдухь СССР-м дзэ академие къыщиухащ. Сирием и дзэ-хьэуа къарухэм я унафэщIт, генерал-лейтенантт, СХьР-м и ЛIыхъужьт. Абы адыгэбзэр, абхъазыбзэр, хьэрыпыбзэр, тыркубзэр, инджылызыбзэр фIыуэ ищIэрт. И ныбжьыр илъэс 42-м иту 1982 гъэм Мамдухь террористхэм яукIащ.

А тIум я къуэш курыт Абазэ Шараф дохутырщ, Сирием и Парламентым хэтащ, Щам дэт Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэу илъэс 12-кIэ лэжьащ. Хэхэс адыгэхэм я адэжь хэкур фIыуэ яригъэлъагъунымкIэ IуэхуфI куэд зэфIигъэкIащ.

Абазэ Уэлид цIыху губзыгъэу, унафэщI Iэзэу зэрыщытам и мызакъуэу, икIи хэкупсэ нэст. АдыгэлI щыпкъэр сыт щыгъуи иригушхуэрт къызыхэкIа лъэпкъым, щIэх-щIэхыурэ адэжь хэкум къэкIуэжырт, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и конгрессхэм и гуащIэ хилъхьэрт.

ДАХ-м, КъАХ-м, Шапсыгъ Адыгэ Хасэм, Урысейм и адыгэ щэнхабзэ автономием, Германием, Иорданием, Тыркум щыIэ хасэхэм жыджэру хэтхэм гущIыхьэ ящыхъуащ ди лъэпкъэгъу цIэрыIуэр дунейм зэрехыжар икIи абы и благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ яхуогузавэ, я гуауэр ящызыгъэгъупщэн ямылъагъуу илъэс куэдкIэ Тхьэм кIэлъигъэпсэу.

**Сэхъурокъуэ Хьэутий, ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, Нэхущ Заурбий, Ажахъуэ Къанщобий, Дзэмыхь Къасболэт, МэшбащIэ Исхьэкъ, Уэхъутэ Александр, КIэкIыхъу Мэжид, Ефэнды Джылахъстэн, ТIамжьыкъуэ Умар-Фарукъ, Къардэн Самир, Къущхьэ Догъан.**

● Iуащхьэмахуэ щIыналъэ

# ЕджапIэхэр зэпымыуауэ къагъэплъ

**Iуащхьэмахуэ куейм хыхьэ Нейтринэ къуажэм дэт курыт еджапIэмрэ абы къепха сабий гъэсапIэмрэ ирикъун хуэбагъ яIэрыхьэртэкъым, хуабэ зрикIуэ бжьамийхэр тIасхъэ зэрыхъуам къыхэкIыу.**

IУЭХУР зытетыр зэхагъэкIыну, зэфIэгъэкIыпхъэ лэжьыгъэхэм теухуа унафэ къащтэну а жылэм кIуащ щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и япэ къуэдзэ **Улимбашев Арсланрэ** ЕгъэджэныгъэмкIэ район къудамэм и унафэщI **Атакуевэ Нуржанрэ**.

Къэпщытэныгъэхэм наIуэ къызэращIамкIэ, курыт еджапIэри сабий гъэсапIэри ирикъуу къыщIамыгъэплъым и щхьэусыгъуэр хуабэ зрикIуэ бжьамийхэр кхъахэ зэрыхъуарщ. Ар зи нэIэ щIэт IуэхущIапIэм, «ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей академием ядернэ къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и ЖКХ» ФГУП-м, и гугъат бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм темыхьэу бжьамийхэр зэригъэпэщыжыну, ауэ нэгъабэ фокIадэм и 1-м Адылсуу аузым къыщеха псыдзэм зэтрикъутахэмрэ къахуихьа хэщIыныгъэхэмрэ гъэзэкIуэжыным я мылъкури я къаруи трагъэкIуэдэн хуей хъуащ.

Мы зэманым щIэгъэхуэбжьауэ йокIуэкI хуабэ зрикIуэ бжьамийхэр зэгъэпэщыжыным пыщIа лэжьыгъэр. Къуажэм дэт курыт еджапIэми сабий гъэсапIэми дерсхэр щызэпагъэуакъым. Пэшхэм щIэтын хуей хуэбагъыр ирикъун папщIэ, абыхэм къагъэсэбэп унэ кIуэцIыр къызэрагъэплъ нэгъуэщI Iэмэпсымэхэр.

**ТАРИМ Алисэ,**
*Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и пресс-IуэхущIапIэм и унафэщI.*

## КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэхуешэс

**2002 гъэм щIышылэм и 10-м къащта «Дыкъэзыухъуреихь щIыуэпсыр хъумэным теухуауэ» Федеральнэ закон № 7 - ФЗ-м и 62.2 статьямрэ 2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м къащта «Урысей Федерацэм и жылагъуэ къэпщытэныгъэхэм я лъабжьэхэр» Федеральнэ закон № 212 - ФЗ-м и 25-нэ статьямрэ къызэрыщыгъэлъэгъуам ипкъ иткIэ, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэ ирегъэкIуэкI.**

АР ТЕУХУАЩ Налшык къалэ округым и гъунапкъэхэр мэз, жыг хадэ къэкIыгъэхэмкIэ къегъэбыдэкIыным. Iуэхур къызэрегъэпэщ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм щIыуэпсыр хъумэнымкIэ, АПК-мкIэ, къуажэ щIыпIэхэм зегъэужьынымкIэ и комиссэм.

ЗэIущIэр **мазаем и 20-м сыхьэт 11-м щIидзэу** екIуэкIынущ. Зи гугъу ящI Iуэхугъуэр зыфIэгъэщIэгъуэн псори фи Iуэху еплъыкIэ къэвгъэлъэгъуэну фрагъэблагъэ **Налшык къалэ Лениным и уэрамым тет 57-нэ унэм и 3-нэ къатым**. ФызыщIэупщIэн щыIэмэ, **Картлыковэ Налжан** мы телефонымкIэ зыхуэвгъазэ хъунущ: **77-27-46**.

## Сытым дежи фыпсалъэ хъунущ

**Урысейм и Пенсэ фондым и къудамэу КъБР-м щыIэм щагъэува телефонымкIэ фыпсалъэу сытым дежи щыгъуазэ зыфщI хъунущ пенсэхэр зэрагъэув, зэрат щIыкIэхэм, апхуэдэу бын зэрагъуэтам папщIэ анэхэм ахъшэ зэрыратым. Мыбдеж гу лъытапхъэщ пенсионер щхьэхуэм и Iуэхухэм телефонкIэ щыгъуазэ зэрамыщIым.**

УФ-М и Пенсэ фондым и къудамэм зэрыпсалъэ телефонхэр: **8(8662) 42-00-30, 42-00-29**.

Къэралым и щIыналъэ псоми пщIэншэу къызэрипсэлъыкI телефоныр: **8-800-200-09-77**.

Урысейм и Пенсэ фондым пщIэншэу жэщми махуэми зэрыпсалъэ телефоныр: **8-800-302-2-302**.

УФ-м и Пенсэ фондым и къудамэу КъБР-м щыIэм и уэхущIапэхэм я телефонхэр:

Налшык къалэм **- 8(88662) 72-20-69**;
Бахъсэн районым ( Бахъсэн къалэри хэту) **- 8(86634) 4-13-76**;
Дзэлыкъуэ районым**- 8(86637) 4-13-02**;
Лэскэн районым **-8(86639) 95-3-75**.
Май районым **- 8(86633) 21-3-62**;
Прохладнэ районым (Прохладнэ къалэри хэту) **- 8 (86631)7-36-87**;
Тэрч районым **- 8(86632) 43-4-16**;
Аруан районым **- 8(86635) 4-18-90**;
Шэджэм районым **- 8(86630)4-11-03**;
Шэрэдж районым **- 8(86636) 41-1-61**;
Iуащхьэмахуэ районым **- 8(86638) 4-29-76**.

# Москва и кардиолог нэхъыфI

**2017 гъэм дыгъэгъазэм и 15-м Москва щекIуэкIащ узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм ехъулIэныгъэфIхэр къыщызыгъэлъэгъуахэр щагъэлъапIэ «Формула жизни - 2017» фестивалыр. «Москва и кардиолог нэхъыфI» унэтIыныгъэм щытекIуащ ди лъахэгъу Щоджэн Заур.**

● Ди лъахэгъухэр



Собянин Сергей Щоджэн Заур егъэлъапIэ.

- ЗЭХЫХЬЭР щекIуэкIащ Тверской уэрамым тет къалащхьэм и мэрием и унэм, - жеIэ Заур. - Пшыхьыр екIуу икIи дахэу къызэрагъэпэщат. ЩIыхь тхылъхэр, псалъэ гуапэхэр къыджиIэурэ, къыдитыжащ Москва и Iэтащхьэ Собянин Сергей.

Илъэс зыбжанэ и пэкIэ Москва и кардиологхэр икъукIэ узыгъэгузавэ гугъуехьхэм Iууауэ щытащ. Инфарктым илIыкIхэм я бжыгъэр сымаджэхэм я процент 18-м нэблэгъат. Профессор Шпектор Александррэ абы и щхьэгъусэ Васильевэ Еленэрэ я нэIэм щIэту, къалащхьэм и дохутыр нэхъыфIхэм щытыкIэм зрагъэхъуэжын яхузэфIэкIащ. Абыхэм яхэтащ ди лъахэгъу, Москва и Ищхъэрэ округым и кардиолог нэхъыщхьэ Щоджэн Заур.

- Дэ къэдгъэсэбэпащ технологие нэхъыфIхэр, къалэм и щIыпIэ псоми иджырей медицинэ Iэмэпсымэхэр ятедгуашэри, - жеIэ дохутырым. - Апхуэдэу хамэ къэрал щыIэ клиникэхэм я лэжьэкIэм щапхъэ ятетхащ. Абыхэм инфаркт зиIэ сымаджэхэм хуащIэ медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр дэри IэнатIэм къыщыдгъэсэбэпу щIэддзащ. А проектым мылъку къыхилъхьащ Москва и Правительствэм икIи къалащхьэм щыIэ щытыкIэ щхьэхуэхэр къэтлъытэурэ дгъэзэщIащ. Абы къарикIуам икъукIэ арэзы дыкъищIащ. Илъэситхум къриубыдэу инфарктым илIыкIхэм я бжыгъэр процент 18-м къехри 7-м нэсащ.

«Москва и кардиолог нэхъыфI» цIэр Щоджэным къыхуихьащ илъэс 25-рэ хъуауэ псэ хьэлэлкIэ и лэжьыгъэм зэрыпэрытым. Заур зэрыжиIэмкIэ, апхуэдэ пщIэр зыхуэфащэ куэд и лэжьэгъухэм яхэтщ.

- ФIыщIэ яхузощI Москва и Правительствэмрэ къалащхьэм и мэр Собянин Сергейрэ, - жеIэ дохутыркардиологым. - Псом хуэмыдэу гуапэ сщыхъуащ си лэжьэгъухэм апхуэдэ пщIэр къэзлэжьауэ къызэралъытар икIи си гуфIэгъуэр къызэрыздаIыгъар.

Москва и Ищхъэрэ округым и кардиолог нэхъыщхьэр Вересевым и цIэр зезыхьэ сымаджэщым кардиореанимацэмкIэ и къудамэм и унафэщIщ, Урысей къэрал медикостоматологие университетым щрегъаджэ. Абы зэрыжиIэмкIэ, дохутырым сытым дежи и щIэныгъэм хигъахъуэм къищынэмыщIауэ, езым ищIэмкIи адрейхэми ядэгуэшэн хуейщ.

- ЩIэныгъэ Iуэхури лэжьыгъэри зэгъусэу здэхьыпхъэщ. Абы щыгъуэщ дохутырым Iэзагъ лъагэ къыщигъэлъэгъуэфынур. Медицинэм унэтIыныгъэ куэд иIэщ икIи псынщIэу зеужь. Сэ, псалъэм папщIэ, унэтIыныгъэ зыбжанэм зыщызгъэгъуэзащ - къэхутэныгъэ лэжьыгъэм, дохутыр IэнатIэм, административнэ Iуэхум, - жеIэ Щоджэн Заур.

Москва и Ищхъэрэ округым и щIыналъэм цIыху мин 800-м щIигъу щопсэу, ар Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм нэхърэ зы тIэкIукIэ нэхъ мащIэу аращ. Апхуэдэ щIыпIэм кардиологие IэнатIэр къыщызэбгъэпэщыныр тыншкъым. Ауэ ди лъахэгъу щIалэм хузэфIэкIащ а Iуэхур тэмэму зэтриублэн.

Заур Москва щопсэу илъэс 25-рэ хъуауэ. КъБКъУ-м и медицинэ факультетыр къызэриухыу ар ди къэралым и къалащхьэм кIуащ. ЯпэщIыкIэ ординатурэм щеджащ, итIанэ аспирантурэр къиухри, и кандидат лэжьыгъэр пхигъэкIащ.

Медицинэм и унэтIыныгъэхэм ящыщу кардиологиер къыщIыхихамкIэ дыщеупщIым, Заур жиIащ ар лъагъуныгъэм зэрыригъэщхьыр. «Зы цIыхур хэхауэ нэхъыфIу щIэплъагъум и щхьэсыгъуэр зэрыпхуэмыIуатэм ещхьщ», - къыпещэ абы пыгуфIыкIыурэ.

Курыт школым и 7-нэ классым щыщIэсым абы ищIэрт дохутыр е биолог зэрыхъунур. ЯпэмкIэ абы щапхъэ зытрихын иIэт - республикэм щыцIэрыIуэ дохутыр благъэ иIэт, мыдрей лъэныкъуэмкIэ укъыщеплъмэ, абы сытым дежи щIыуэпсыр фIыуэ илъагъурт икIи школым щыщIэсым дихьэхауэ биологиер иджащ.

- Сыкъэзылъхуахэр медицинэм зыкIи епхатэкъым, ауэ абыхэм сахуэарэзыщ къыхэсха IэщIагъэр къызэрыздаIыгъамкIэ, сакъызэрыгурыIуэмкIэ. Адэ-анэмрэ бынымрэ яку къыдэхъуэ псалъэмакъхэм хуэдэ зэи диIакъым. КIэлъыплъыныгъэ ткIийм зэи сыщIагъэувакъым, дзыхь къызэрысхуащIыр сщIэуэ, сэри ар зэрызгъэпэжыным сыхущIэкъуу сыщытт, - жеIэ Заур.

IэщIагъэ хуэхъуныр къыхэхынымкIэ сэбэп хъуащ анэшхуэр. Зэгуэрым ар сымаджэ хъури, операцэ ящIащ. Пщыхьэщхьэм Заур и анэр унэм къыщыкIуэжым, анэшхуэм къыхуригъэхьа «тыгъэр» - лъы защIэ хъуа и жэщ джанэр - иритыжащ икIи къыжригъэIащ: «Дохутыр IэщIагъэр къыхихмэ, зрихьэлIэнкIэ хъунур ирещIэ ди щIалэм».

- А пщыхьэщхьэм сэ къызгурыIуащ дохутыр сызэрыхъунур, - жеIэ Щоджэным. - Ар ещхьщ сурэткIэ фIэкIа умылъэгъуа хъыджэбзым хуэпщIа лъагъуныгъэм. Кардиологиер зищIысыр нэсу си нэгу къысхущIэмыгъэхьэми, ар сызэрейр зыхэсщIэрт. Къапщтэмэ, медицинэм а и унэтIыныгъэр си хьэлым и зыхэлъыкIэм хуокIуэ. Абы къыхэкIыу, кардиологиер къызэрыхэсхам зэи сыхущIегъуэжакъым.

Дохутыр-Щоджэным и лэжьыгъэм медицинэр нэхъапэм зытету щыта хабзэжьыр къыщегъэсэбэп: ар зэIэзэр узыфэракъым, атIэ цIыхурщ. Дэтхэнэ и зы сымаджэми абы бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ къыхуегъуэт.

- Дохутырыр цIыху ткIийуэ щытын хуейщ зэрыжаIэм арэзы сытехъуэркъым, уеблэмэ ар щыуагъэшхуэу къызолъытэ, - жеIэ Заур. - Дохутыр ухъун папщIэ цIыхур фIыуэ плъагъуу, гущIэгъу пхэлъу, гуапэу ущытыпхъэщ. Ди IэщIагъэр къыхэзыхахэм а хьэлхэр Iэмал имыIэу яхэлъын хуейщ. Сымаджэр тэмакъкIэщI, гурыщхъуэщI мэхъу, абы фIы дыдэу зыхещIэ дохутырым къыхуиIэ щытыкIэр.

НэхъыфIым сытым дежи ухущIэкъуныр Iэзагъэ лъагэхэм и нэщэнэхэм ящыщ зыщ. ЕхъулIэныгъэм зи щхьэр игъэунэза дохутырыр и щхьэми зэран хуохъужри, сымаджэхэмкIи шынагъуэщ. Ар фIы дыдэу къыгуроIуэ Заур икIи абы къыхэкIыу нэхъыбэ зэрызригъэхъулIэным хущIокъу. Абы и лэжьэгъуэ махуэр зэригъэкIуэнур дакъикъэ зырызурэ убзыхуащ.

- Зэманыр - тыгъэ лъапIэщ, абы къыхэкIыуи цIыхум и къалэнщ ар къигъэсэбэпыфу зригъэсэну, - жеIэ Щоджэн Заур.

**БЫТIЭ Инал.**

# ГукъэкIыжххэм ноби сызэщIаIыгъэ

● Жыжьэ - гъунэгъу

**Гъащlэр макlуэ, шэ илъэтауэ, дылъэщlэмыхьэрэ къытхуемыгъэгъазэу. Апхуэдэу щыхъукlи, дэ къыддокlуэкl къэтпсэуа илъэсхэм дызыпхыкlа lуэхугъуэхэм, ди нэгу щlэкla къэхъукъащlэхэм япыщlа гукъэкlыжхэр. «Адыгэ псалъэ» газетым къытехуауэ щыта зы сурэт гуэрым сыщрихьэлlам, сигу къэкlыжащ 1942 гъэм и шыщхьэуlу мазэм щыщ зы тхьэмахуэм къриубыдэу си нэгу щlэкlауэ щытахэр...**

МАТІЭ, си анэм и дэлъху курытыр, ди унэ къэкlуауэ сенэшхуэ жыхафэгум и деж тет тахътэбаным щэхуу ист, и башым и жьэпкъыр тегъэщlарэ и щхьэр егъэзыхауэ lейуэ хэплъэу. Ар егупсысырт си къуэш нэхъыжь Хъусен Дон lус Ростов и деж хъыбарыншэу зэрыщыкlуэдам, и къуэш нэхъыщlэ Шутlэ, «обозым» яхэту илъэс ипэкlэ армэм кlуам, хъыбар лъэпкъ зэримыlэм. Къуажэм мазэ никъуэкlэ, нэгъуэщl lуэху ямыщlэ хуэдэу, «обозым» кlуэ гупыр ягъэхьэзырауэ щытащ.

Си къуэш нэхъыжь Хъусен, нобэ Матlэ къыщlэкlуар, илъэс 17 фlэкlа мыхъуауэ яхэтауэ щытащ Матlэ и къуэш Шутlэ зыхэта гупыр зыгъэхьэзырахэм. Жылэр зэрыщыту а зэманым зытелэжьыхьу щытар къуажэм къыхуагъэувам фlэмыкlыу, «обозыр» ирагъэжьэнырт. Къуажэ кlыщышхуэм шэдыбжьибл щlэтт, а блыри зэлэжьыр гухэр ящlу дзэм кlуэхэр «обозымкlэ» ирагъэжьэнырт. Гъукlэхэм я нэхъыжьитlыр, Хьэзизрэ Зуберрэ зэкъуэшитlыр, гъукlэ lэзэхэт, 1925 гъэм Владикавказ училищэр къыщаухауэ щытати. Езы тlуми кlыщышхуэ ялэу цlыху зыбгъупщl ягъэлажьэрт, сыхьэт 48-м шитl зыщlащlэ зыгу къыщlагъэкlыу.

lуэхум фlыуэ хащlыкlырти, «обозым» щхьэкlэ гу щlыныр и зэман къратам ирихьэлlэу псори зэфlагъэкlат. Хьэзизрэ Зуберрэ си адэ къуэш нэхъыжьым и къуэти, си къуэш нэхъыжь Хъусену иужькlэ зи щыгъуэ тхылъ къэкlуар кlыщым щылажьэрт илъэс пщыкlублым иту.

Гъукlэ лъэщапlэм тхьэмахуэ къэс гуитху-гуих къыщlагъэкlырт. Зы гупым гупхъэр ягъэжыхьырт, ар щащlкlэ адрейхэм гудзэ хэлъхьэпlэр ябдзырт, губхъэтlэкlум фlалъхьэ уэрдыхъухэр зыщlхэри щхьэхуэт... Абы хуэдэ къабзэу гум хэлъ дэтхэнэ пкъыгъуэхэри ящlырти, псынщlэу псори зэпкъралъхьэжырт. Шэдыбжь къэс зы махуэм зыгу ягъэхьэзырыну я къалэнти, ар lэмал имылэу зэфlагъэкlырт.

«Обозыр» ежьэным иlэжыр махуищ къудейт. Яужь дыдэ къинат Шутlырэ Хьидрэ ягухэр. Абыхэм яхущыщlэрт гулъэфымрэ гулэнымрэ. Хъусен ди анэм махуэ къэс шхын хуищlурэ си къуэш нэхъыщlэмрэ сэрэ худигъэхьырт. Аращ кlыщым щекlуэкl lуэхухэм дыщыгъуазэу щlыщытар. Си къуэшымрэ сэрэ гъуэмылэ тхьауэ дыщыту Хьэзиз жреlэ Шутlэ: «Мы уи гум, Хьид ейр и гъусэу, си псэр lутмэ, пщэдджыжь ирихьэлlэу лэжауэ нэху къезгъэкlынщ, умыгузавэу кlуэжи уи унагъуэм ныжэбэ яхэс». Шутlэ хъыджэбз цlыкlу къыхуалъхуауэ сабийр нобэ къызэрашэжари ищlэрт Хьэзизи, аращ нэхъри щlиутlыпщыжар. «Атlэ, Хьэзиз, апхуэдэу щыжыпlэкlэ, си шыпхъур здесшэхыжынщи, унэмкlэ сэри сыкlуэжынщ», - жиlэри Шутlэ Шыгъэлыгъуэхэ накlуэри, псори дызэгъусэу Шутlэхэ дахуеблэгъащ.

Махуэр хуабэт, зыкъом щlауэ уэшхи къемышхауэ. Гъуэгухэм сабэ lув телъти, гъуэгубгъум дыlутурэ Шутlэхэ дынэсащ. Си къуэшымрэ сэрэ я жыг хадэм дихьащ. Пасэу хъууэ кхъужь цlыкlу хадэм итти, дыдэпщеящ жыгым. Хадэм дыкъыщикlыжам, Хьид гулъэфиплl пщlантlэм къыдихьауэ гуфlэжу бгъэдэту щытт. «Хьэзиз и деж сыкlуэнщи згъэгуфlэнщ, ящlу бэлыхь хэмытын щхьэкlэ», - жиlэри шызакъуэгум гулъэфиплlыр ирилъхьэжри, и закъуэ дэкlыжащ. А махуэм къалъхуа хъыджэбз цlыкlум Марие фlрагъэщащ, Шутlэ жраlэри.

Махуитl дэкlри, ещанэм ежьащ обозхэр. Абы лъандэрэ илъэс дэкlа пэтми, ежьахэм я зы хъыбари нобэр къыздэсым зыми ищlэркъым. Тхьэмахуитl нэблэгъауэ къуажэм зы унафэщl дэсыжтэкъым. Жылэм къыщыувыlауэ щыта сэлэт уlэгъэ къомри щыдэкlыжа зэманыр зыми ищlэртэкъым. Абыхэм ещхьыркъабзэу, къуажэ школхэм я унэм щlагъэтlысхьауэ щыта, Ленинград къраша сабийхэри дэкlыжахэт. Дзэ Плъыжьыр къикlуэтырти, Бахъсэн псыхъуэ и сэмэгурабгъум дэт мэз цlыкlум и деж щащlа быдапlэхэр къагъанэри, псым и ижьырабгъу лъэныкъуэмкlэ икlри щlэрыщlэу абдеж зыщагъэбыдат. Къуажэр щэху хъуат, зэхэзекlуэ зыри плъагъужыртэкъым.

Зэзэмызэ «Кlэдыкъуакъуэр» («Фокке Вульф-189-1») Бахъсэн къалэ лъэныкъуэмкlэ къилъэтыкlырти, Бахъсэныпсым и ижьырабгъу лъэныкъуэр иlыгъыурэ, Бахъсэн ГЭС-м нэс кlуэрт, къуажапщэм и деж игъэшырти, Къулъкъужын Ипщэмкlэ кlуэжырт.

Абыхэми егупсысырт Матlи. Ди анэр жьэгум дэст и щlыбагъыр къэгъэзауэ, хъыршын игъэжьэну гуарцэ мафlэм тебэшхуэкlэ пэригъэувэрт, и дэлъхум къепсалъэурэ. Ди анэм и дэлъхум жриlэрт нобэ Матlэ къызыкlэлъыкlуа Хъусен дзэм ираджа нэужькlэ, Георгиевск къалэм яшэри мазэм щlигъукlэ связым хурагъаджэу щыlати, плlэнейрэ абы лъэсу кlуэурэ зэрилъэгъуар, унагъуэ шхын хуихьурэ. Яужь дыдэу си анэр Хъусен и деж щыкlуа махуэм фронтым, Ростов деж lутым, къикla командирым сэлэтхэр сатыру игъэувауэ зауэм ишэнухэр къыхихыу ирихьэлlат. Абдеж пэмыжыжьэу ди анэр щытти, фронтым сэлэтхэр ишэну сатырым къыхэзыш командирыр фагъуэ lейуэ зэрыщытым гу лъитати, ди анэр lейуэ гузавэрт. Хъусен деж нэсри, командирым къыхишащ занщlэу. Командирым сэлэтхэр хуит ищlащ сыхьэтитlкlэ я щхьэ lуэху зэрахуэну. Абы и ужькlэ си анэмрэ си къуэш Хъусенрэ иужь дыдэу зэбгъэдэсыжауэ арат. Абы щыгъуэ ихьа ерыскъыхэм щыщ иригъэшхащ. Сыхьэтитlыр псынщlэ lейуэ иухри, лъэсу ежьэу Ростов нэс кlуэну ирашэжьэну си къуэшым ди анэм lэплlэ къришэкlыжри, иужьрей псалъэу къыжриlащ: «Напэ хужькlэ ахърэтым Алыхьым дыщызэхуихьыж», - жиlэри.

Зы сыхьэт хуэдизкlэ си анэр ежьащ сэлэтхэр фронтым зэрыкlуэнум хуэдэу хьэзыру казармэм къыщlэкlыным. Сэлэтхэр зыхуеину псори яlыгъыу сатыру ягъэуври ирашэжьащ. Абыхэм шинелыр гъэкlэрэхъуауэ я плlэм илът, бел цlыкlумрэ противогазымрэ зэрылъ къэлътмакъхэри я бгым кlэрыщlат, каскэри и гъусэу, фочыр я дамащхьэм фlэдзауэ. А псом и щlыlужькlэ рюкзакыр я щlыбым илът. А къомыр якlэрыщlауэ накъыгъэ мазэ хуабэм лъэсу Ростов нэс кlуэну зэрежьам ди анэр иригузавэу кlэлъыплъурэ имылъагъуж хъухукlэ и къуэм кlэлъыкlуэтат. Накъыгъэм и етlощlанэ махуэт ахэр псори къыщыхьуар.

Ди анэм и нэгу а махуэм щlэкlахэм и дэлъхур дахэ-дахэу къызэремыдаlуэм гу лъитэри, щигъэтыжащ и гукъэкlыжхэр адэкlэ жиlэныр. Арати, ди анэм и дэлъхум жриlащ: «Иджыпсту унэгупэ хадэм сихьэнщи, помидор къисхынщ. Хъыршынри апщlондэхукlэ хьэзыр хъунущ», - жиlэри и нэпсыр илъэщlурэ хадэм кlуащ. Сэри абы яужь сиуващ.

Шыщхьэуlу мазэт. Нышэдибэ ди анэм жэмыр къишри унэм къыщыщlыхьэжам жиlат: «Жэщыр бзыгъэу щытащ. lуащхьэмахуи апхуэдизу къабзэу нэху къекlащи, мэлыд, удзхэми lуву уэсэпс ятелъащ, нобэ икъукlэ хуэбэну къыщlэкlынщ дунейр». Зэрыжиlам ещхьыркъабзэу, махуэр апхуэдизкlэ уэмти, жыг тхьэмпэхэр гъэжам хуэдэт, уафэр щхъуантlэпст, пшэ зыри телъткъым, щхьэщыгум къит дыгъэм укъижьэрт. Унэм къыщlэнат Матlэ, си къуэш нэхъыжьыр, си къуэш нэхъыщlэр, илъэсищым ит си шыпхъу цlыкlу ХьэIишэт. Сэ ди анэм помидор къыпичыхукlэ, кlэсыжу къэкlуауэ кlэртlофыпкъэм ит lущхьэр къыпысчурэ жылэр сшхыуэ ситт хадэм.

Асыхьэту, щыблэ уам ещхьу, зы топышэ тпэгъунэгъу дыдэу ди хадэм къихуащ, кlэщlу абы яужь иту нэхъ жыжьэlуэу ди унэ щlыбагъым зы топышэ къыщыуащ. Си анэм си lэпэр иубыдри, хадэм дыкъижыжащ. Унэм щlэсахэм топышэ къауэ макъыр щызэхахым, си анэ дэлъхур япэ иту псори къыщlэжахэщ: си къуэш нэхъыжь Хьид, си шыпхъу цlыкlу ХьэIишэт и lэпэр иlыгъыу, абы яужь иту си къуэш нэхъыщlэ Мусэ. Псори унэ гупэм и деж дыщыщызэхуэзэм ирихьэлlэу ещанэ топышэр ди унэ шындэбзийм ипщэкlэ щылъ мывэ самэм хэхуэри къэуащ. Абы си къуэш нэхъыщlэм и лъакъуэр уlэгъэ ищlащ, си анэ дэлъху Матlэ и напэ ижьырабгъур иуlащ, и тхьэкlумэр дэкlуэу. Ар «зауэжьым» хэтати, жиlащ: «Ахэр шрапнелкlэ къауэу арaщ. Псынщlэу щlыунэм фынажэ». Хадэм ит щlыунэм псори дихьащ, ди анэм фlэкla къэмынэу. Ди анэри дакъикъэ зытlущ нэхъ дэмыкlыу щlыунэм нехащ, бинтрэ йодрэ иlыгъыу. Уlэгъэхэр псори япхащ. Матlэ а lуэхухэм щыгъуазэт. Топ къауи щымыlэжу сыхьэт нэблагъэкlэ щlыунэм дисауэ, унэм дыкlуэжащ. Си анэ дэлъху Матlи тпэмыжыжьэу, ди ящхъэрэкlэ щыпсэурти, занщlэу я деждкlэ иунэтlащ.

Абы и ужькlэ мазитl хуэдэ дэкlауэщ Матlэ дыщыхуэзэжар. Къуажэм дэсахэм я нэхъыбэр зауэ здынэмыса щlыпlэхэм дэс я lыхьлыхэм я деж кlуауэ щытащ. Ди къуажэм шыщхьэуlум и 10-м къыщыщlэдзауэ жэпуэгъуэм и 25-м нэс зауэр щекlуэкlащ. Ислъэмей къуажэкlэм а махуэм и пщыхьэщхьэм румынхэр къыдыхьащ. Хьэблэм дэсхэр зэхуэсри дыдэкlыну дежьащ. «Бахъсэн лъэныкъуэмкlэ, къуажэкlэмкlэ румынхэр къыдыхьауэ арати, абыкlэ дыкlуэмэ, Бахъсэныпсым телъ лъэмыжым драмыгъэкlынкlэ хъунущ», - жаlэри Бахъсэн ГЭС-мкlэ дежьащ. Зы щэм щlигъунут дежьахэр, сабийхэри хэту. Жэщым дыздэкlуэм, къуажапщэм дынэблэгъауэ, гъуэгубгъум и сэмэгурабгъумкlэ щыт щиху баринэ жыгышхуэм и къуагъым къуэт красноармеецыр къэджащ: «Хэт къакlуэр?» Гупыр къэувыlащ. Урысыбзэ фlыуэ ищlэу Щэрдан Жамболэт и пхъур къытхэтти, абы яжриlащ: «Нэмыцхэр Бахъсэн къыдыхьащ, дыкъыздикlымкlэ румынхэри къыдыхьащ. Бахъсэныпсым дикlынути, нэмыцхэм лъэмыжымкlэ драмыгъэкlынкlэ дышынэри, ГЭС-мкlэ къэдунэтlащ». Сэлэтым жиlащ: «ГЭС-мкlэ щыlэ лъэмыжми псы lуфэхэми лагъым щlэлъщи, фыкlуэ хъунукъым абыкlэ. Мы къуажэм фыкъыдэмынэу нэмыцхэр къыздикlымкlэ фыкlуэ».

Гъуэгум дытетурэ къуажапщэм дынэсащ. «Дурачхэ я дэкlыпlэмкlэ», кхъэбгъум дыбгъурытурэ, бгым дыщхьэдэхри губгъуэм дихьащ. Гъуэгум тхьэмахуитl хуэдизкlэ зыри щызэмыкlуауэ, уэшх нэужьым ятlэу щытар къургъакъ хъуауэ ди лъакъуэ лъапцlэхэр игъэузу докlуэ Къулъкъужын Ипщэкlэ. Ижьырабгъумкlэ сэхуран хьэсэшхуэ щылът, сэмэгурабгъумкlэ мэкъупlэт. Зы километр хуэдизкlэ бгым дыдэкlауэ, жэщым кхъухьлъатэ къытщхьэщыхьэри, хьэрэкlытlэкlэ дыкъигъэнэхуу хуежьащ, мастэ пкlэрыхуамэ уигъэлъагъун хуэдэу ди гъуэгум къигъэнэхуащ. Ди гъусэ лlыжьхэм сэхуран хьэсэм дыхагъэлъэдащ. Дакъикъэ зытlу нэхъ дэмыкlыу, хьэрэкlытlэри ункlыфlыжащ, кхъухьлъатэр тщхьэщыкlыжри, сэхуран хьэсэм дыкъыхэкlыжащ. Гъуэгури дахэдахэу дымылъагъужу дунейр кlыфl къэхъуащ занщlэу. Си къуэш нэхъыжь Хьид зыкъыкlэрызмыгъэхуу яужь ситу сыкъыхэкlыжырт хьэсэм, сыкlуэдын си гугъэу сышынэу. Хьиди псынщlэу кlуэрти, иришэхыурэ къиутlыпщыж сэхураныщхьэхэр къыстехуэурэ саубэрэжьырт. Си лъакъуэ пцlанэр мэракlуапцlэ лъэнтхъуийхэм яфыщlырт, lейуэ ягъэузырт. Ди япэ хэт ищами дымыщlэу, лъэ макъым яужь диту си къуэшымрэ сэрэ дыкlуэрт. Хьэсэм къыхэкlыжахэм дакъыщылъэщlыхьэжым, ди гур псэхужри, нэхъ хуэму гъуэгум дрикlуэу дежьэжат.

Гупым яужь диту дыкlуэурэ, дунейр нэху хъуащ, ипэкlэ ищахэр зэхэпцlыхукlын хуэдэу, ауэ ди ани, ди къуэши, ди лъэпкъым ящыщи абыхэм яхэту тлъагъуртэкъым. Пшэкlэху къыщищlым, Гуащэпсынэ деж псори къыщыувыlащ. Лlыжь-фызыжьхэм нэмэз ящlыну андез ящтэу псы къабзэм и lуфэм етlысэкlащ. Псоми дахоплъэри, ди lыхьлы зыри яхэттэкъым.

Сэ упщlэ зэкlуэцlыпха сlыгъыр згъэтlылъри сытетlысхьащ. Хьид щlакхъуэ хъуреитl къэпым илъу иlыгъти, я зым къыпищlыкlри, зы lыхьэ сэ къызитащ, езым зы lыхьэ къищтэри, ар тшхыурэ псы lуфэм дыlутурэ ипщэкlэ дыдэкlуейрэ гъуэгур зыпыдупщlауэ дыплъэмэ, псы lуфэм и бгъум мэкъупlэр lейуэ зэхэутауэ, удзхэр уауэ хьэдэр изу илъу долъагъу. Абыхэм псоми кlагуэ дыта фlыцlэ ящыгът, нэхъыбэм буденновкэ пыlэм хуэдэ ящхьэрыгът, я щlыбым къэп ищlауэ илът, языныкъуэхэми хьэукl пыlэ ящхьэрыгът, тепlэн гъуабжьэжь зэкlуэцlыпхауэ зыбгъэдэлъи яхэтт. Дэ занщlэу дыкъэкlуэжри лlыжьхэм яжетlащ тлъэгъуар. Лlижьитl-щы хуэдиз кlуэри занщlэу къагъазэжри «псынщlэу фыныlукlи фынежьэ», жаlэри псори гъуэгум дытеувэжащ.

Зыкъомрэ дыкlуауэ, нэхуи щауэ Абзуанхьэблэ зыдэс къуакlэм дыщхьэщыхьащ, къэм бгъурыту кlуэ гъуэгум дытету дехри, жыг хадэшхуэм и щlыбагъым дыкъыщыхутащ. Дакъикъэ 15 - 20 нэхъ дэмыкlыу, къуэм гупыр дохьэри, Къулъкъужын псыжь



Шыгъэлыгъуэхэ. *1947 гъэ, накъыгъэм и 16*



**Шыгъэлыгъуэхэ я унагъуэр: Арсен, Мущтэфар, Жанпагуэ, Лиуан.** *1981 гъэ*



**Мущтэфар и анэ ТэIибэт, и анэ шыпхъу Абидэт, Джэрыджэ Ленэ, Шыгъэлыгъуэ ХьэIишэт.** *1955 гъэ*

цlыкlум зэпрокl, нэпкъым деж кlэрыс унагъуэ гуэрым дохьэ, дэри драгъусэу. Дызыдыхьа унагъуэм цlыху зыкъом ди къуажэу щыlэу къыщlэкlащ, уеблэмэ сэ си классым щыщу тlум сахуэзащ. Зыр Джэрыджэхэ, адрейр Азычэхэ яйуэ. Пщэдджыжь жэм шыгъуэм и деж дынэсауэ арати, куэд дэмыкlыу, мэжаджэрэ къалмыкъ шейрэ къыдатри, гупыр псори дышхащ.

Еханэ махуэм и пщэдджыжьым «Ванюшэкlэ» зэджэ миномётым гъуахъуэу щlидзэри, сыхьэтым нэблэгъэхукlэ уащ. Дыздэщыlэм я гъунэгъу цlыхубз хэкlуэта а махуэ дыдэм къакlуэри, си къуэшымрэ сэрэ дыкъилъыхъуэу къыдэджэри драшэлlащ абы. Къыдэупщlащ ди унэцlэмкlэ, дызибынымкlэ. Псори жетla иужькlэ, lэплlэ къытхуищlри, я деж дишащ. Ар Шыгъэлыгъуэхэ Къасбот ипхъу Утlэт. Абы и деж и дэлъхум и бынхэри щыlэу къыщlэкlащ. Езыр Азычэ Мэжид и щхьэгъусэт. Щlалитl иlэт, Хьид нэхърэ нэхъыжьу. Хьэбасрэ Хьэжмуридрэ я цlэу. Абыхэ я деж щыlэт цlыхуищэрэ щэ ныкъуэм щlигъу. Унагъуэр сыт хуэдэу хуэщlауэ щытми, апхуэдиз бгъэшхэн щхьэкlэ куэд ухуейт.

Си къуэшымрэ сэрэ махуэ къэс дыкъыдэкlырти адэкlэ-мыдэкlэ къуажэм къыщытклуxьурэ зы тхьэмахуэр кlуащ. А къыздэткlухьхэм lэджи тлъэгъуащ, куэдми дахуэзэу щытащ. Зы махуэ гуэрым жыг хадэшхуэм дыкlуэри, Хьид унэм и бгъум деж щыт дей жыгышхуэр къиудынын щlидзащ. Жейуэ унэм щlэлъ нэмыцэр къэнжалыщхьэм телъалъэ дэхэм ящl макъым къигъэуэшри, автомат иlыгъыу къыщыщlэжым, къэслъагъури сыкъыщlэпхъуэжащ, унащхьэм къытелъ дей къудамэм тес Хьид гу лъимытэу. lэуэлъауэ езыгъэщlар сэра и гугъэри, сыкъыlужыжу щилъагъум, автоматыр дригъэуейри щlыхьэжащ. Хьид сакъыурэ къехыжри къыщlэпхъуэжауэ щытащ. Абы и ужькlи зэкъуэшитlым зыбжанэрэ ди нэгу щlэкlащ нэгъуэщl lуэхугъуэхэри: тлъэгъуащ румынхэм яукlахэри уlэгъэ ящlахэри. Яукlар Азычэ Теувэжт.

Зы унагъуэ гуэрым сэдэкъэ ящlу дрихьэлlэри, зэкъуэшитlми lыхьэ къыдатат. Абыи тlэкlу дыкъигъэшхащ. Абзуанхьэблэ къуажапщэм къыщыщlэдзауэ Къуэнхьэблэ къуажэкlэм нэс дыкъехауэ зыри дымыгъуэтауэ дгъэзэж пэтрэ, къуажэкlэмкlэ деплъыхри, зы шызакъуэгу къыдэкlуейуэ къэтлъэгъуащ. Занщlэу дыкъэгуфlэри дежьэу дыуващ: «Делъэlунщи, зыкъомрэ зедгъэшэнщ, нэгъуэщl мыхъуми», - жытlэри. Къэсмэ, ди адэ къуэш нэхъыщlэм и къуэ нэхъыжь Хьэжсет вожэр иlыгъыу гуплlэмкlэ дэст, гупкlэмкlэ си анэмрэ си шыпхъу цlыкlу ХьэIишэтрэ ист. Гур къэувыlэри, си анэр къикlащ, къыдбгъэдэлъадэри тlуми lэплlэ къытхуищlауэ, зыкъыдишэкlауэ магъ. Кхъухьлъатэр къыщытщхьэщыхьэу дыщыдэкla жэщым сэхуран хьэсэм дыщызэфlэкlуэдам щыгъуэ ди гъуса гупыр губгъуэм ит. Нэмыцхэм Мусэ и лъакъуэр щалъагъум, ди анэм трахри, Къуэнхьэблэ дэт госпиталым зэрашар къыжраlати, къэкlуауэ арат нобэ. Ди анэр къытпкъурыупщlыхьу ди lуэху зылутыр къищla иужькlэ, гум дригъэтlысхьэри, дежьауэ дыкlуэу зы фызыжь гуэрым еупщlащ: «Уlэгъэ хъуа нэмыцэхэр щагъэхъужыр дэнэ и деж щыту пlэрэ?» Абы къыджиlащ уlэгъэщыр здэщыlэр икlи куэд дэмыкlыу дынэсащ. Ди анэм къэлътмакъ цlыкlу гуэрым илъхэр зэlищlэурэ зы тхылъымпlэ цlыкlу кърихри, унэ щlыхьэпlэм и деж щыт нэмыцэ сэлэтитlым ар яхуишиящ. Абы еплъри, дэ дагъэунэтlащ си къуэш нэхъыщlэр здыщlэлъу жыхуаla лъэныкъуэмкlэ.

Ди къуэшым депсалъэу дыщыту, нэмыцэ гуэрым псоми шоколад цlыкlу зырыз къыдитащ. Абы ди анэм къыгуригъэlуащ махуищ дэкlмэ, сабийр къызэрыратыжынур. Мусэ ди анэм и деж къеlэрт, гъыуэ. Ди анэми и нэпсыр илъэщlурэ гум и деж дыкъекlуэлlэжащ псори. Гум дитlысхьэу дежьэжа нэужь, ди анэм лы гъур гъэжьарэ щlакхъуэрэ иlыгъыу къыщlэкlри, ар къытхуигуэшащ псоми.

Абзуанхьэблэ къуажапщэм дынэсащ шэджагъуэ нэужьым деж, дыгъэр фlыуэ ехауэ. Пщыхьэщхьэм мырамысэ тlэкlурэ кхъуей lыхьэ цlыкlу зырызрэ тшхащ. Пщэдджыжьым ди бысымым къалмыкъ шейрэ чыржынрэ дигъэшхри, къуажапщэ дыдэм, старшинар здэщыlэм, дыкlуащ. Писарь хуэдэу старшинам и гъусэр дакъикъитху-хы нэхъ дэмыкlыу къыщlэкlри псори дызэгъусэу дыщlишаш. «Дэнэ фыкъикla?» - жиlэри ди анэм къыщеупщlым, псори жриlащ. Абдежым щlалэм жриlэри мэлитlрэ нартыху хьэжыгъэ къэпитlрэ иригъэтхщ, старшинам lэ тридзэжри тхылъыр къыдитыжащ, ахэр къыщеlытхынур къыджаlэри дыкъыщlэкlыжащ. Ахэр къытlэрыхьа нэужь, Азычэ Мэжидхэ я деж псынщlэ дыдэу дыкъэсыжри, къэтшахэр еттащ. Мэлитlыр яукlри ягъэхьэзырыну трагъэуващ шыуан зыщыплlкlэ. Мырамысэ хъушэу ящlри, псори ягъэшхащ. Къыкlэлъыкlуэ махуэм и пщэдджыжьым Мусэ уlэгъэщым къыщlэтшыжащ. Абы и уlэгъэхэр гъущэ хъужауэ зылъэгъуа ди анэр lейуэ гуфlат. А псори зэфlэкla нэужь, дыкъежьэжащ. «Арыкъ куэбжэ» деж щыlэ къуэм дыкъыдэкlыжа къудейуэ кхъухьлъатэ къытщхьэщыхьэри, пулемёткlэ къытхэуэу щlидзати, цlыхухэр зэбгрыжауэ, иныкъуэр нартыху хьэсэмкlэ жэрт, адрейхэм сахуран хьэсэмкlэ яунэтlат. Дэ ди анэм дригъусэу нартыху хьэсэмкlэ дыжэри, псори высоковольтнэ линэм деж дыгъуэлъащ. Къуэм ипщэкlи ищхъэрэкlи зениткэхэр щытти, абыхэм кхъухьлъатэр къраудыхащ. Псори дызэхуэсыжат. Языныкъуэхэм Ислъэмей дыкlуэжынущ жаlэрт, нэгъуэщlхэм Хьэкlэщей дыкlуэнущ жаlэрти, дэ зыбгъущl ди гъусэу Абзуанхьэблэ дгъэзэжащ. Нэху дыкъекlри, пщэдджыжьым жьыуэ ди унагъуэм и закъуэ, зыри димыгъусэу, Абзуанхьэблэ дыкъыдэкlыжщ, ди къуажэм дыщыдэкla жэщым дызэрыкlуа гъуэгум дыкъытехьэри, ди жылэ, ди унэм дыкъекlуэлlэжащ.

Ди къуажэм румынхэр дэст абы щыгъуэ. Псыкlэ гугъу ехьырт ди хьэблэр. Дэ Бахъсэныпсым пэгъунэгъуу дыпсэу щхьэкlэ, балигъ хъуа цlыхухъуи цlыхубзи псым псыхьэ дыхьэ хъуртэкъым, снайперыр къеуэрти яукlырти. Ар апхуэдэу щlащlыр мырат: румынхэм я сэлэт фащэр зыщахыурэ цlыхухэм я щыгъын зыщатlагъэурэ пхъэхьрэ пэгунрэ яlыгъыу псыхьэ кlуэрти. Ди къуажэм щыщу цlыху куэд снайперхэм яукlауэ щытащ мазитlрэ ныкъуэм къриубыдэу. Абыхэм къащыщlар къащымыщlын щхьэкlэ нэхъыбэу псыхьэ кlуэуэ щытар сабийхэращ. Си къуэш нэхъыжьым сэрэ зэпымычу псыхьэ дыкlуащ а зауэр ди деж щыщекlуэкla мазитlрэ ныкъуэм...

Иджыри къэс си нэгум щlэтщ а лъэхъэнэм слъэгъуахэм ящыщ куэд. Апхуэдэ гузэвэгъуэ къытщlэхъуэ щlэблэхэм Тхьэм яримыгъэлъагъукlэ.

**ШЫГЪЭЛЫГЪУЭ Мущтэфар**,
*УФ-м и гъэсэныпхъэ-энергетикэ lэнатlэм щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ.*

## Тхыгъэр зейм теухуауэ



Шыгъэлыгъуэ Мущтэфар Мэжид и къуэр Бахъсэн районым хыхьэ Ислъэмей къуажэм 1934 гъэм къыщалъхуащ. Жылэм дэт илъэсибл школыр фlы дыдэу къиуха нэужь, ныбжьыщlэ акъылыфlэм еджэным щыпищащ Налшык дэта республикэ школ-интернатым. Курыт щlэныгъэ зэзыгъэгъуэта щlалэ жыджэрыр абдеж къыщыувыlакъым. Ар лъэпощхьэпоуншэу щlэтlысхьащ икlи ехъулlэныгъэкlэ къиухащ Грознэ къалэм дэт, щlыдагъэм пыщla lэщlагъэхэр щрагъэгъуэт къэрал институтыр.

Инженер-механик lэщlагъэр зэзыгъэгъуэта Шыгъэлыгъуэм 1958 гъэм лэжьэн щыщlидзащ Налшык дэт, машинэхэр щащl заводым. Иужькlэ ар къудамэм и пашэу щыlащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Щlыпlэ промышленностымкlэ и министерствэм, КъБР-м Гъэсыныпхъэ промышленностымкlэ и управленэм и унафэщlым и къуэдзэу, КъБР-м щlыдагъэ-гъэсыныпхъэ промышленностымкlэ и lэнатlэм и инженер нэхъыщхьэу илъэс куэдкlэ лэжьащ.

Сыт хуэдэ lэнатlэ дзыхь къыхуамыщlами, Шыгъэлыгъуэ Мущтэфар ахэр ирихьэкlащ жэуаплыныгъэ хэлъу, иригъэфlакlуэу, lуэхугъуэщlэхэмрэ жэрдэмыщlэхэмрэ къыхилъхьэу. Зэфlиха псэ хьэлэл лэжьыгъэхэм папщlэ Шыгъэлыгъуэм мызэ-мытlэу къыхуагъэфэщащ къэрал дамыгъэхэр, щытхъу, фlыщlэ тхылъхэр. Апхуэдэу абы къыфlащащ «УФ-м и гъэсэныпхъэ-энергетикэ lэнатlэм щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ» цlэ лъапlэр.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ**.

